**दिन–सोमवार** **दिनांक–26.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय रिजर्व बैंकक गवर्नर शक्तिकांत दास कहलनि अछि जे जीईएम, यूपीआई आ यूएलआईक नव उपयोग भारतक डिजटल भोगतान मे एक क्रांतिकारी डेग अछि। श्री दास बेंगलुरू मे एक सम्मेलन के संबोधित करैत कहलनि जे रिजर्व बैंक द्वारा प्रवर्तित यूनिफाइड लैंडिंग इंटरफेस–यूएलआई प्लेटफॉर्म भारत मे ऋण प्रक्रिया के सरल बनाओत। ओ कहलनि जे डिजिटल भोगतानक वर्तमान व्यवस्था सँ धनक त्वरित आ सुरक्षित हस्तांतरण होइत अछि। श्री दास कहलनि जे यूएलआई के जल्दीए पूरा देश मे लागू कयल जायत।

---

केन्द्रीय बजट दू हजार चौबीस–पच्चीस मे बिहारक लेल विशेष सहायता कयल गेल विशेष प्रवधान के लऽकऽ राजभवन मे एक विशेष संवाद कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर एकर उद्घाटन कयलनि। कार्यक्रम मे प्रदेशक उद्योग सह पर्यटन मंत्री नीतीश मिश्रा कहलनि जे प्रदेश मे औद्योगिक निवेशक नीक वातावरण बनल अछि।

---

कोजागराक दिन प्रत्येक वर्ष मखाना दिवस मनाओल जायत। भारतीय कृषि अनुसंधान परिषद, नव दिल्लीक सहायक महानिदेशक डॉक्टर के. नरसैया जनौलनि जे आश्विन शुक्ल पुर्णिमा यानि कोजागराक दिन आब प्रत्येक वर्ष मखाना दिवस मनाओल जायत। ओ कहलनि जे मिथिलाक किसान आ उद्यमी लोकनि के संग–संग संपूर्ण देश मे मखानक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक उद्देश्य सँ आगामी सत्रह अक्टूबर के दरभंगाक राष्ट्रीय मखाना अनुसंधान केन्द्र मे राष्ट्रीय सम्मेलन आयोजित कयल जायत।

---

श्री कृष्ण जन्माष्टमीक पर्व मिथिलांचल समेत प्रदेशक विभिन्न भाग मे पारंपरिक श्रद्धा आ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर विभिन्न ठाकुरबाड़ी आ

राधा–कृष्ण मंदिर के आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि। रात्री बारह बजे मे श्री कृष्णक जन्म महोत्सवक संग श्रद्धालु लोकनि विशेष पूजा–अर्चना करताह। राजधानी पटनाक स्थित इस्कॉन मंदिर मे विशेष भीड़ देखल जा रहल अछि। एहि अवसर पर लोक सभ व्रत सेहो रखने छथि। राष्ट्रपति दौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोकसभ के जन्माष्टमीक बधाई आ शुभकामना देलनि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो प्रदेशवासी के बधाई देलनि अछि।

———————————————————————

इमाम हुसैन आ हुनक बहत्तरि संगीक शहादतक स्मरण मे आइ चेहल्लुम पूरा श्रद्धा आ पारंपरिक विश्वासक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर प्रदेशक विभिन्न भाग मे ताजिया आ मातमी जुलुस निकालल जा रहल अछि। अकीदतमंद लोकनि अलम जुलुस निकालनि आ शहादत के स्मरण कयलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार हजरत इमाम हुसैन आ करबलाक शहीद लोकनि के स्मरण करैत हुनका श्रद्धांजलि देलनि अछि।

———————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग मे मॉनसूनक गतिविधि कमजोर बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार औरंगाबाद, रोहतास, भभूआ समेत प्रदेशक दक्षिणी भाग मे किछु स्थान के छोड़ि कऽ अधिकांश ठाम मौसम शुष्क बनल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ बांका, जमुई, औरंगाबाद, गया, भागलपुर, मुंगेर, आ नवादा जिला मे भारी बरखा हेबाक संभावना बनल अछि।

———————————————————————

राज्यक दक्षिण–पश्चिम भाग मे बरखाक कारण सोन, पुनपुन, घाघरा, बूढ़ी गंडक, बागमती समेत विभिन्न नदीक जलस्तर मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। ओतहि, कोसी, महानंदा आ परमान नदीक जलस्तर मे कमी भेल अछि। गंगा नदीक जलस्तर पटना, मुंगेर, भागलपुर, कहलगाँव समेत विभिन्न स्थान पर स्थिर बनल अछि। हालांकि, कतेको ठाम नदीक जलस्तर लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। हमर कटिहार संवाददाता जनौलनि अछि जे गंगा, महानंदा, कोसी आ बरंडी नदीक पानि सँ बाईस पंचायतक पचपन गाम प्रभावित अछि। भागलपुर जिलाक विभिन्न प्रखंडक कतेको पंचायत मे बाढ़िक पानि पसरल अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक जयनगर थाना क्षेत्र अंतर्गत बरही गाम मे बछराजा नदी मे स्नान करबाक क्रम मे दू युवती डूबि गेलीह। एहि मे सँ एक युवतीक शव बरामद भेल अछि आ दोसर युवतीक खोज कयल जा रहल अछि। ओम्हर, बेगूसराय जिलाक मटिहानी थाना क्षेत्र अंतर्गत लवहरचक गाम मे एक जलाशय मे सेना मे कार्यरत एक जवान के डूबला सँ मृत्यु हेबाक आशंका अछि। गोताखोर लोकनि हुनक खोज मे लागल छथि। दोसर दिस गोपालगंज जिलाक बैकुंठपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत मुंजा बोल्डर लऽग गंडक नदी मे स्नान करय गेल चारि युवक डूबि गेलाह। एसडीआरएफक मददि सँ हिनका सभक खोज कयल जा रहल अछि।

---

अररिया जिलाक रानीगंज मे एक सय करोड़क लागति सँ देशक सभ सँ पैघ चिड़ियाँघर बनाओल जायत। एहि सँ  ई स्थल अररिया जिला आ बिहारक पर्यटन स्थल मे परिवर्तित भऽ सकत।

---

समाप्त